

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Gagasan bisa kaharti ku balaréa lamun éta gagasan téh ngagunakeun pakakas basa anu éféktif. Hal ieu luyu jeung pamadegan Nurjanah (2009, kc.1) anu nyebutkeun yén unggal manusa ngabogaan idé/gagasan jeung kahayang anu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana tangtu kudu merenah sangkan kaharti ku balaréa/jalma lian. Salasahiji cara pikeun ngawujudkeun gagasan bisa ngaliwatan média tinulis. Dina karya tulis nu hadé ilaharna miboga basa nu puguh éntép seureuhna jeung alur nu éces pamaksudanana.

Nulis kaasup salasahiji ti opat kaparigelan basa anu kudu dikawasa ku manusa (Tarigan, 2013, kc.1). Kaparigelan nulis nya éta hiji kamampuh pikeun ngedalkeun gagasan pikiran ka batur atawa pihak séjén ngaliwatan média tinulis. Sacara umum tujuan nulis bisa dikategorikeun pikeun méré informasi atawa ngajelaskeun tulisan, nu tujuanna mere informasi atawa ngajelaskeun hiji pasualan.

Salasahiji materi dina pangajaran nulis nya éta nulis sajak. Pangajaran nulis sajak kaunggel dina Kompetensi Inti Kompetensi Dasar Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda kelas XI SMA anu unina, “*Menanggapi dan mengekspresikan sajak sesuai dengan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan*”. Dina kagiatan pangajaran, nulis sajak kaasup hiji pangajaran anu kawilang penting pikeun ngamekarkeun daya imajinasi jeung kreativitas siswa dina ngedalkeun pangrasa jeung pamikiran.

Dina kanyataanna pangajaran nulis sajak dianggap hésé. Kamampuh siswa dina pangajaran nulis téh masih kurang, boh dina numuwuhkeun ide, éjahan, undak usuk basa, jeung imajinasi. Éta hal luyu jeung hasil wawancara ka salasaurang guru Mata Pelajaran Basa Sunda SMA Negeri 1 Cianjur (Oktober 2016) anu nétélakeun yén salasahiji nu jadi sabab pangajaran nulis dianggap hésé hususna nulis sajak ku siswa nya éta lantaran sajak kaasup wangun puisi anu wujudna karya sastra kauger sarta basa anu dipaké dina sajak lain basa anu ilahar dipaké sapopoé. Waktu pangajaran nulis sajak, siswa can mampuh ngedalkeun ide

anu aya dina pikiranna kana wangun tulisan. Salian ti éta, kekecapan dina nulis sajak masih ngaguluyur saperti wangun lancar. Siswa can mampuh ngalarapkeun unsur-unsur sajak saperti diksi, kecap nyata, majas, *versifikasi*, jeung *tipografi*. Hal di luhur bisa ditarékahan ku métodeu pangajaran anu bisa mantuan siswa pikeun ngedalkeun eusi pikiranna kana wangun sajak. Dina prak-prakanna taya métodeu pangajaran anu sampurna anu bisa dipaké dina sagala kaayaan. Ku sabab kitu, guru kudu bisa milih métodeu pangajaran anu luyu jeung kaayaan sangkan bisa ngungkulan masalah-masalah anu disanghareupan ku siswa.

Salasihiji metode anu ngirut sangkan siswa aktif jeung interaktif anu bisa dilaksanakeun dina pangajaran nulis sajak nya éta métodeu sugestopedia. Sugestopedia nya éta métodeu pangajaran maké sugésti ngaliwatan musik atawa ritme musik dina pangajaran pikeun mere stimulasi imajinasi siswa (Tarigan, 2009, kc. 90). Ieu hal luyu jeung pamadegan Machlis dina Khunaifi (2015, kc. 70) nu nétélakeun yén musik miboga kamampuh pikeun mangaruhan pikiran. Nurutkeun Lozanov dina Kharismawati (2014, kc. 2) nyebutkeun yen tujuan ti métodeu *sugestopedia* nya éta pikeun nimbulkeun suasana nu *sugestif*, *stimulus* jeung mangrupa pakakas keur siswa pikeun ngabayangkeun gambaran atawa kajadian dumasar kana téma musik, réson nu dipiharép mangrupa gambaran kajadian-kajadian nu salajengna di-*konversi*-keun kana simbol-simbol verbal

Anapon panalungtikan saméméhna anu medar perkara métodeu *sugestopedia* nya éta *Penerapan Metode Sugestopedia dengan Media Lagu The Panas Dalam dalam Bank pada Pembelajaran Menulis Teks Cerpen (Penelitian Eksperimen Kuasi pada Siswa Kelas XI SMA Negeri 16 Bandung)* ku Abdillah Al-Hafizh (2015) jeung *Peningkatan Keterampilan Menulis Naskah Drama Melalui Metode Sugestopedia (Penelitian Tindakan Kelas terhadap siswa kelas XI IPA MA Tanwiriyyah Cianjur Tahun Ajaran 2012/2013)* ku Ira Hamaerah Bithrah (2013). Tina panalungtikan anu geus aya, mémang aya sasaranana dina ngagunakeun métodeu *sugestopedia*, bédana ieu panalungtikan baris nalungtik sajak ngagunakeun métodeu sugestopedia.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna, “Métodeu *Sugestopedia* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak: Studi

Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas XI IPA 6 SMA Negeri Cianjur Taun Ajaran 2016/2017” perlu dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, identifikasi masalah dina ieu panalungtikan, nya éta: hal-hal anu aya patalina jeung kamampuh nulis sajak nya éta: 1) pilihan kecap (diksi); 2) implengan; 3) kecap nyata; 4) basa figuratif (majas); 5) *versifikasi*; jeung 6) *tipografi* salian ti éta pikeun ngaréngsékeun masalah nulis sajak nya éta ngagunakeun Métofeu Sugestopédia anu léngkah-léngkahna nya éta: 1) tilikan lisan; 2) nepikeun jeung ngadiskusikeun bahan anyar; 3) ngaleyapan (lawungan pikeun nyobaan ngahubungkeun kana roh jalma lian).

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan, dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh ngagunakeun métodeu *sugestopedia*?
- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak siswa sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*?
- 3) Naha aya béda antara kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan pikeun nguji métodeu *sugestopedia* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur taun ajaran 2016/2017.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan pikeun ngedeskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh ngagunakeun métodeu *sugestopedia*;
- 2) kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak sabada ngagunakeun métodeu *sugestopedia*;
- 3) bédana antara kamampuh siswa kelas XI IPA 6 SMA Negeri 1 Cianjur dina nulis sajak saméméh jeung sabada maké métodeu *sugestopedia* taun ajaran 2016/2017.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, nya éta mangpaat teoritis jeung praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan métodeu-métodeu pangajaran hususna dina pangajaran nulis sajak. Ogé bisa jadi alternatif pikeun guru nepikeun matéri pangajaranna di sakola sangkan siswa teu ngarasa bosen kana pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun guru, siswa, jeung nu nalungtik.

- 1) Pikeun guru, bisa jadi bahan évaluasi diajar-ngajar basa Sunda, utamana dina ngajarkeun kaparigelan nulis ngagunakeun basa Sunda anu bener tur merenah, sarta guru bisa leuwih kréatif jeung inovatif dina nepikeun matéri ngeunaan sajak husuna ngagunakeun métodeu *sugestopedia*.
- 2) Pikeun siswa, sangkan leuwih resep tur saregep dina nulis sajak, lain ngan saukur dina pangajaran nulis sajak, tapi aya karep dina dirina sorangan keur wantér nulis ku basa Sunda.
- 3) Pikeun anu nalungtik, bisa ngeuyeuban wawasan jeung pangaweruh anu patali jeung métodeu *sugestopedia*.

1.5 Raraga Tulisan

Sacara gurat badag raraga skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I: BUBUKA, nu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II: ULIKAN PUSTAKA, RARAGA TIORI, PANALUNGTIKAN SAMÉMÉHNA jeung HIPOTESIS nu ngawengku métodeu *sugestopedia*, nulis sajak, pangajaran nulis sajak, raraga mikir, panalungtikan saméméhna jeung hipotesis.

BAB III: MÉTODEU PANALUNGTIKAN, nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, jeung tehnik nganalisis data.

BAB IV: HASIL jeung PEDARAN nu ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran.

BAB V: KACINDEKAN, IMPLIKASI, jeung SARAN nu ngawengku kacindekan, implikasi jeung saran